Yàlla tere na leen ngeen di giñ ci seen baay yi

Jële nañu ci Umar Ibnu Xattaab -yal na ko Yàlla dollee gërëm - mu wax ne, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na : «Yàlla tere na leen ngeen di giñ ci seen baay yi", Umar wax ne : ba ma déggee Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- di ko tere giñatuma ca mooxam ci lu ma ci samay wax mbaa may jottali waxi keneen ».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa xibaare ne Yàlla mu kawe mi day tere ñuy giñ ci suñuy baay, ku nàmm a giñ bu mu giñ ci ku dul Yàlla, waaye bu mu giñ ci keneen. Umar Ibnul Xattaab wax ne moom de giñatu ca diirub ba mu déggee Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- di ko tere, moo xam mu tay ko, walla muy tuxal giñug keneen ci lu dul Yàlla.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/2945